

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK JEYOGRAFI  
JENERAL****Vandredi** 28 janvye 2011 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimri sou liy ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv sa a, se la w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi detache fèy repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsse pou w ekri repons yo.

**Pati I** an gen 50 kesyon ki gen repons ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Seksyon A nan Pati III** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non ou ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Seksyon B nan Pati III** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons Pati I an, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo pap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab epi ou pap jwenn nòt pou li.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.

Jenetisyen yo ap swiv mouvman moun nan Ewòp pre-istorik. Pou fè sa, yo itilize ADN nou kòm yon machin pou vwayaje nan tan. . . .

Joe Palca, "Tracing Human Migration Through DNA,"  
*NPR Weekend Edition Saturday*, August 11, 2007

1 Pasaj sa a sijere yo kapab itilize syans modèn pou

- (1) ede analiz istorik
- (2) montre devlopman yon pwendvi
- (3) eksplike pratik medikal ansyen yo
- (4) fè prediksyon fiti evènman

2 Pou kisa yo konsidere Azi Sidès kòm yon kalfou?

- (1) Gwo depo petwòl yo disponib.
- (2) Yon kantite wout komèsyal kwaze.
- (3) Yon sèl kilti ap domine.
- (4) Rivyè yo sèvi kòm otowout.

3 Nan ki sistèm ekonomik premye sivilizasyon yo te itilize ki gen desizyon sou distribisyon machandiz ki base sitou sou koutim, konviksyon, ak abitud?

- (1) miks
- (2) mache lib
- (3) tradisyonèl
- (4) planifye

4 Yo konsidere souvan Revolisyon Neyolitik la kòm yon gran chanjman nan listwa paske

- (1) ansyen abitan vil yo te aprann kontwole dife
- (2) sosyete yo te vin pi nomad
- (3) fanmi nikleyè yo te evolye an fanmi pwolonje
- (4) vilaj pèmanan te devlope nan vale rivyè yo

5 Pyete filyal ak senk (5) relasyon yo asosye souvan avèk

- (1) Endouyis
- (2) Dayoyis
- (3) animis
- (4) Konfisyanis

6 Ki non ki idantifye rejyon ki chita ant rivyè Tig ak rivyè Efrat?

- (1) Kap Bòn-Esperans
- (2) Penensil Sinayi
- (3) Mezopotami
- (4) Kòn Afrik

7 Pi bon definisyon agrikilti sibsistans se

- (1) bay danre pou ekspòtasyon nan peyi etranje
- (2) boukante danre pou machandiz manifakti
- (3) sere manje anplis nan ka gen grangou
- (4) pwodui sèlman ase manje pou yon fanmi itilize

8 Ki karakteristik jeyografik ki te sitou enfliyanse dirèkteman yo devlopman vil-eta grèk yo?

- (1) dezè
- (2) teren montay
- (3) gwo plèn
- (4) mouson

9 Ki devlopman ki pi asosye depre avèk kòmansman Lanpi Bizanten?

- (1) aparisyon Legliz Òtodòks Ris
- (2) divizyon Lanpi Women
- (3) konstriksyon Sent-Sofi
- (4) chit Konstantinòp

- 10 • Kreyasyon Mezon Lasajès nan Bagdad  
• Devlopman aljèb  
• Itilizasyon kaligrafi kòm yon fòm boza

Ki Lajdò ki pi asosye depre avèk reyalizasyon sa yo?



- (1) Islamik
- (2) Gupta
- (3) Tang
- (4) Songhai

11 Yo byen konnen Marco Polo ak Ibn Battuta

- (1) pou eksplorasyon Emisfè Oksidantal
- (2) kòm moun ki te alatèt mouvman relijye
- (3) pou ouvèti komès ant Afrik ak Japon
- (4) poutèt yo bay anpil enfòmasyon sou teritwa ak moun yo

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 12.

### Premye Konsekans Lapès Nwa nan Ewòp ak Azi, 1333-1351



Sous: Decameron Web, Brown University (adapte)

12 Enfòmasyon ki sou kat jeyografik sa a sijere Lapès Nwa te gaye prensipalman akòz aksyon

- |                          |                   |
|--------------------------|-------------------|
| (1) fòs lame anvayisè yo | (3) komèsan yo    |
| (2) moun nomad yo        | (4) eksploratè yo |

- 13 • Vitray yo ede moun konprann istwa biblik yo.  
 • Katedral ki pi wo ak pi gran yo montre grandè ak laglwa Bondye.

Deklarasyon sa yo pi byen dekri eleman

- (1) Kat (4) Verite Nòb yo
- (2) pagòd chinwa yo
- (3) achitekti gotik
- (4) lide grèk


14 Ki deklarasyon ki se yon pwendvi olye de yon reyalite?

- (1) Mansa Musa te fè yon pelerinaj a vil Mèk.
- (2) Mali te ka gen pwosperite san enfluyans Mansa Musa.
- (3) Ekonomi Mali te baze sou lavant lò ak sèl.
- (4) Timbuktu te vin yon sant pou aprantisaj islamik.

- 15 Yon resanblans ki genyen ant vale Rivyè Nil ak tè savann yo nan Afrik sèke toulède
- (1) te sèvi kòm gwo baryè pou mouvman pèp ak machandiz
  - (2) te ofri resous ki nesèsè pou kolonizasyon
  - (3) chita sou bò lwès kontinan an
  - (4) te gen ti efè sou lavi moun ki t ap viv nan rejyon sa yo
- 16 Lè chogoun Tokugawa te fèmen pò yo pou pifò etranje yo nan ane 1600 yo, li te fè tantativ pou
- (1) pwoteje Japon kont enfliyans ewopeyen
  - (2) ogmante pwodiksyon agrikòl japonè
  - (3) elimine enfliyans Japon sou Sidès Azi
  - (4) detwi kilti tradisyonèl japonè a
- 17 Otoman yo se te yon anpi komèsyal pisan jouk nan mitan ane 1600 yo paske yo
- (1) te kontwole aksè nan lès Lanmè Meditèrane
  - (2) te gen lamarin ki te pi pisan nan lemond
  - (3) te domine wout karavàn Afrik-de-Lwès
  - (4) domine pifò Azi
- 18 Yon fason sivilizasyon aztèk ak sivilizasyon enka sanble sèke toulède
- (1) te pote laviktwa sou konkeran Espanyòl yo
  - (2) te devlope teknik achitekti avanse
  - (3) te manke gouvènman santral pisan
  - (4) enstale sitou nan vale rivyè yo
- 19 Yon efè sistèm encomienda genyen sou Amerik Latin sèke li te
- (1) elimine itilizasyon asosyasyon
  - (2) ankouraje izolasyonis
  - (3) eksplwate pèp endijèn yo
  - (4) redui enfliyans Espanyòl la
- 20 Magna Kata, Petisyon Dwa, Deklarasyon Dwa Moun an Angletè te lakòz gouvènman angle a devlope yon sistèm politik kote
- (1) dirijan yo te responsab pou moun yo
  - (2) otorite relijye yo te kontwole pwosesis pou fè lwa
  - (3) pouvwa monak la te sòti nan Bondye
  - (4) moun te jwenn refi pou yon pwosè avèk jiri
- 21 Ki deklarasyon ki endike avèk presizyon chanjman popilasyon ki te fèt akòz Laj Eksplorasyon?
- (1) Pifò popilasyon Amerik Latin yo te vin pi divès sou plan kiltirèl.
  - (2) Yon tyè nan popilasyon Ewòp la te mouri paske yo te ekspoze ak maladi ki sòti nan Amerik.
  - (3) Entwodiksyon machandiz ki sòti nan Amerik te lakòz popilasyon azyatik yo diminye.
  - (4) Ameriken Endyen Natif Natal yo te emigre nan Afrik, sa ki lakòz ogmantasyon nan popilasyon afriken yo.
- 22 Pansè syèk limyè yo te ankouraje amelyorasyon sosyete a pa
- (1) ansèyman legliz
  - (2) itilizasyon rezon
  - (3) devlopman absolutis
  - (4) kreyasyon yon yerachi sosyal sevè
- 23 **“Mafia Ki Fache Detwi Labastiy”**  
**“Egzekisyon Robespierre Mete yon pwen Final nan Rèy Laterè”**  
**“Napoleon Sezi Pouvwa a”**
- Revolisyon ki peyi ki asosye ak gwo tit sa yo?
- |            |             |
|------------|-------------|
| (1) Espay  | (3) Lafrans |
| (2) Otrich | (4) Lawisi  |
- 24 Slogan “San ak Fè” ak yon Almay ini pi asosye sitou avèk
- |                      |                       |
|----------------------|-----------------------|
| (1) Prens Metternich | (3) Camillo Cavour    |
| (2) Simón Bolívar    | (4) Otto von Bismarck |
- 25 Ki pè resous natirèl yo te itilize pou chanje transpò ak manifakti nan Grannbretay pandan Revolisyon Endistriyèl la?
- (1) lò ak sèl
  - (2) dyaman ak petwòl
  - (3) kuiv ak leten
  - (4) chabon ak minrè fè
- 26 Ki yon rezon pou patisipasyon Japon nan premye Lagè ant Lachin ak Japon ak nan aneksyon Kore?
- (1) pouwit objektif enperyalis yo
  - (2) reyaksyon kont envazyon etranje
  - (3) kreyasyon plan senk-ane yo
  - (4) nesèsite pou pò dlo cho

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27.

**Ewòp nan Deklanchman Premye GÈ Mondyal, Out 1914**



Sous: Make History web page, Bedford/St. Martin's (adapte)

27 Ki zòn Ewòp yo te konnen kòm “Baril Poud” Ewòp anvan deklanchman Premye Gè Mondyal la?

- (1) A
- (2) B
- (3) C
- (4) D

28 Yon resanblans ant Rebelyon Sepòy nan Lend ak Rebelyon Boksè nan Lachin sèke toulède se te

- (1) mouvman refòm relijye
- (2) reyaksyon nan komès opyòm
- (3) tantativ pou mete yon pwèn final nan entèferans etranje
- (4) revòlt ki gen siksè kont monak absoli yo

29 Ant ane 1923 ak ane 1938, ki chèf deta ki te kreye yon pwogram modènizasyon nan Latiki?

- (1) Shah Reza Pahlavi
- (2) Jawaharlal Nehru
- (3) Kemal Atatürk
- (4) Ho Chi Minh

30 Fachis te gaye nan Almay ant Premye Gè Mondyal la ak Dezyèm Gè Mondyal la asosye souvan avèk

- (1) pwomosyon divèsite etnik
- (2) apèl anfavè doktrin non-vyolans
- (3) kreyasyon yon sistèm palmantè puisan
- (4) enpak depresyon ekonomik global

31 Yon resanblans ki genyen ant fason Japonè yo te domine Manchuria (1931) ak fason Almay te fè aneksyon Tchekoslovaki (1939) sèke aksyon sa yo

- (1) te make lafen ekspansyon agresif nasyon sa yo
- (2) te montre feblès Lig Nasyon yo
- (3) re-kreye yon ekilib pouvwa nan lemond
- (4) te mennen Mach Long lan

32 Pandan Dezyèm Gè Mondyal, enpòtans envazyon D-Day ane 1944 la sèke li te

- (1) fòse Almay goumen kon plizyè fwon
- (2) fè Almay deplase fòs militè li yo pou mete yo nan fwon ris la
- (3) mete yon pwen final nan bonbadman Almay t ap fè a
- (4) montre dominasyon militè Almay

33 Moun yo ta pito posede move gouvènman pa yo olye pou yo ta soumèt yo a yon bon gouvènman yon peyi etranje.


Ki konsèp ki endike nan deklarasyon sa a?

- |                |               |
|----------------|---------------|
| (1) nasyonalis | (3) sosyalis  |
| (2) kominis    | (4) militaris |

34 Ki fonksyon Nasyonzini ki baze sou konsèp sekirite kolektif?

- (1) ofri sèvis sante
- (2) kouwòdone konsèvasyon lapè nan lemond
- (3) kontwole pwogram edikasyon
- (4) bay èd nan rechèch sou agrikilti

Sèvi ak komik ki anba la ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35.



Sous: Henry Brun, *The World Today: Current Problems and Their Origins*, 2005

35 Nan komik sa a, ki rejyon ki reprezante pa nasyon k ap chèche vin manm nan Trete Atlantik Nò (OTAN)?

- |                   |                 |
|-------------------|-----------------|
| (1) Amerik Latin  | (3) Sidès Azi   |
| (2) Afrik Santral | (4) Ewòp-de-Lès |

36 Ki rejyon pi asosye sitou avèk konfli nan Bank Lwès, Golan Heights, ak Penensil Sinayi?

- |                  |                  |
|------------------|------------------|
| (1) Afrik-de-Lès | (3) Ewòp-de-Lwès |
| (2) Mwayennoryan | (4) Azi Santral  |

37 Nan ane 1990 yo, ki de (2) peyi ki te domine gwo tit yo paske te gen jenosid nan peyi sa yo?


- (1) Lasuis ak Lapolòy
- (2) Vyetnam ak Sengapou
- (3) Soudan and Wanda
- (4) Kosta-Rika ak Jamayik

38 Ki chèf politik ki te genyen ladan *transparans* ak *perestwoyika*?

- |                       |                       |
|-----------------------|-----------------------|
| (1) Fidel Castro      | (3) Mikhail Gorbachev |
| (2) Nikita Khrushchev | (4) Deng Xiaoping     |

Sèvi ak tablo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 39 ak 40.

### Globalizasyon ak Esperans-de-Vi



Sous: Roger A. Arnold, *Economics: New Ways of Thinking*, EMC Publishing, 2007 (adapte)


39 Dapre enfòmasyon ki nan tablo sa a, ki peyi ki genyen pi gwo laj yo atann pou viv?

- (1) Iland
- (2) Japon
- (3) Venezyela
- (4) Lagrès

40 Dapre enfòmasyon ki nan tablo sa a, ki deklarasyon ki pi egzat?

- (1) Lapolòy mwen globalize pase Bangladèch.
- (2) Lasuis pi globalize pase Tayland.
- (3) Brezilyen yo kapab viv pi lontan pase Kanadyen yo.
- (4) Pakistanè yo kapab viv mwens tan pase Ougandè yo.

Sèvi ak kwonoloji ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 41.



41 Ki politik ki pi asosye avèk evènman ki sou kwonoloji sa a?

- (1) non-aliyman (2) detant (3) izòlman (4) apated

42 Yon objektif Inyon Ewopeyen (EU) pou kòmansman 21yèm syèk la se pou

- (1) sòti nan alyans militè yo  
(2) entegre plis peyi nan sistèm ekonomik yo  
(3) kreye yon zòn tanpon nikleyè  
(4) limite pwodiksyon konbistib altènatif

43 “Ozetazini yo Vann Manje Kontamine ki Soti nan Lachin”

“Viris nan òdinatè yo Fèmen dè Santèn konpayi nan Lemonn”

“Sosyete Miltinasyonal yo Deplase Izin yo”

Gwo tit sa yo asosye dirèkteman avèk

- (1) grangou mondyal  
(2) twòp nan yon popilasyon  
(3) rechofman atmosfè  
(4) entèdepandans ekonomik

44 Yon fason chevalye yo, samouray yo, ak seyè lagè yo sanble sèke yo tout

- (1) se te chèf tradisyonèl relijye  
(2) te okipe pòs militè nan Anpi Chinwa a  
(3) mete pèp Maure a deyò nan Lespay  
(4) te gen pozisyon pouvwa nan sistèm feyodal yo

45 Nan ki fason rivyè Lawisi yo enfliyanse istwa li?

- (1) Yo te pwokire yon rezo pou wout ant Anpi Bizanten ak Lawisi.  
(2) Yo te pèmèt Japon pote laviktwa sou Lawisi nan lagè ant Lawisi ak Japon.  
(3) Napoleyon te itilize yo pou anvayi Lawisi.  
(4) Yo te bay Mongòl yo yon wout pou domine Lawisi.

46 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- I. \_\_\_\_\_  
A. Sik, tabak, ak koton pou Ewòp  
B. Tekstil, wonm, ak machandiz manifaktire pou Afrik  
C. Afriken esklav pou Amerik

- (1) Komès nan Hans Tetonik  
(2) Eleman Komès Triyangilè  
(3) Faktè Endistriyalizasyon  
(4) Rezilta Kongrè Vyèn



- 47 • Vasco de Gama te dekouvi yon wout ki navigab sou dlo ant Ewop ak Lend.  
• Ekipaj Ferdinand Magellan te fè letou glòb la.  
• Issac Newton te defini fòs gravite.

Evènman sa yo pi asosye Prensipalman avèk

- (1) entèpretasyon revize anviwònman natirèl
- (2) kesyone benefis sistèm mèkantil la
- (3) ogmantasyon sispisyon ant diferan relijyon
- (4) devlopman nouvo teknik manifakti

- 48 Yon fason Wa Louis XVI peyi Lafrans ak Za Nicholas II peyi lawisi sanble sèke

- (1) revolisyonè yo te egzekite toulède
- (2) yo te rekonèt toulède kòm gwo Chèf militè
- (3) toulède te sipòte refòm relijye
- (4) toulède te sipòte emansipasyon sèf yo

- 49 Yo pi byen konnen Porfirio Diaz, Francisco “Pancho” Villa, ak Emiliano Zapata pou jan yo lite nan

- (1) mouvman pou endepandans ayisyen
- (2) Revolisyon Meksiken
- (3) Lagè Nikaragweyen
- (4) Revolisyon Kiben

- 50 Ki rejyon ki pi asosye depre avèk evènman ki asosye avèk li?

- (1) demann Afrik Santral—pou Kwazad Pap Urban II
- (2) Azi-de-Lès—ki pibliye Deklarasyon Balfour
- (3) Konferans Munich—Amerik-di-Sid
- (4) Pon Ayeryen—Ewòp-de-Lès

**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa a:**

**diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Jeyografi**

Karakteristik jeyografik te enfliyanse devlopman istorik ak kiltirèl sivilizasyon yo, anpi yo, peyi yo, ak rejyon yo nan lemond.

#### **Sa pou fè:**

Chwazi **trwa (3)** karakteristik jeyografik diferan epi pou yo **chak**

- Diskite sou fason karakteristik jeyografik sa a te enfliyanse devlopman istorik **ak/oswa** kiltirèl yon sivilizasyon, yon anpi, yon peyi, oswa yon rejyon espesifik

Ou kapab itilize karakteristik jeyografik nan etid istwa jeneral ou. Pami sijesyon ou ta ka vle konsidere, genyen rivyè, lanmè, oseyan, forè twopikal imid, plèn, montay, dezè, zile, ak mousson.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Pa ekri anyen sou karakteristik jeyografik Etazini.**

#### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou a, asire ou**

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanzp, ak detay
- Itilize yon plan byen òganize lojik epi ki klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

**Kontèks Istorik:**

Atravè listwa, ide yo te fòme ak enfliyanse diferan sosyete ak rejyon yo. Ide sa yo gen ladan yo *elyosantris*, *dwa natirel*, ak *Marxis*.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande ou pou

Chwazi *de* lide ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Eksplike lide a
- Diskite sou fason lide a te enfliyanse sosyete yo oswa rejyon yo

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **eksplike** vle di “fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon pou sa oswa kòz; montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.


#### Dokiman 1

##### **Modèl Copernicien: Yon Sistèm Solè ki Santre sou Solèy la**

Teyori Latè santrè Linivè Aristotle ak Ptolemy a te rete yon gwo enfliyans sou [te gouvènè] panse oksidantal pandan prèske 2000 ane. Answit, nan 16yèm syèk la yon astwonòm polonè Nicolai Copernic (1473–1543) te pwopoze yon nouvo lide.

##### **Sistèm Elyosantrik**

Nan yon liv ki rele *Nan Revolisyon Kò Selès yo* (yon liv yo te pibliye nan moman Copernic ta pral mouri), Copernic te pwopoze ke Solèy la, pa Latè, ki te sant Sistèm Solè a. Yon modèl konsa rele yon sistèm elyosantrik. Klasman planèt yo jan Copernic konnen li nan nouvo sistèm sa a prezante nan imaj anba a, ke nou rekonèt tou kòm klasman modèn planèt sa yo. . . .



Sous: The Copernican Model: A Sun-Centered Solar System, Department of Physics & Astronomy, University of Tennessee

1 Dapre dokiman sa a, kijan teyori elyosantris Copernic te diferan avèk lide Ptolemy sou linivè? [1]

Score

## Dokiman 2

Sa a se yon ekstrè nan yon lèt Galileo Galilei te ekri nan ane 1615 pou voye ba Gran Dichès Christina ki t ap defann apwòch li a nan syans.

Depi kèk ane desela, menm jan ak Votre Altesse Serenissime konnen byen, mwen te dekouvri nan syèl la anpil bagay moun pa t janm wè anvan epòk pa nou an. Nouvote ki genyen nan bagay sa yo, ak kèk konsekans ki te soti ladan yo yon fason kontrè avèk ide fizik filozòf akademik yo genyen an komen, se pa ti kantite pwofesè ki te leve kanpe kont mwen — kòm si mwen te mete bagay sa yo nan syèl la avèk men pa mwen pou mwen te kapab lakòz lanati move ak chavire lasyans. Yo te sanble bliye ke ogmantasyon laverite ankouraje rechèch, kreyasyon, ak devlopman boza; se pa diminisyon yo [bese] ni se pa destriksyon yo.

Montre yo plis renmen pwòp pwendvi yo pase laverite, yo te rejte ak dezapwouve nouvo bagay yo, si yo te vle chèche pou tèt pa yo, pwòp konpreyansyon yo ta demontre yo sa. Jiska prezan, yo te lanse anpil akizasyon, epitou yo te pibliye plizyè dokiman alekrit ki te plen avèk diskisyon ki pa enpòtan, epitou yo te fè grav erè lè yo te simaye yo avèk pasaj yo te pran kèk kote nan Labib san yo pa t byen konprann pasaj yo, epi ki pat trè apwopriye avèk objektif yo. . . .

Sous: Galileo Galilei, "Letter to the Grand Duchess Christina (1615)"

2a Dapre Galileo, pou kisa rechèch laverite gen enpòtans? [1]

---

Score


b Ki dokiman opozan Galileo yo te itilize pou sipòte pwendvi yo? [1]

---

Score

### Dokiman 3

. . . Toudabò, dekouvèt Copernic ak Galileo yo te fè anpil ewopeyen fache. Men, apre yon peryòd tan, yon nouvo fason pou panse sou lasyans te parèt. Syantis yo te kòmanse obsève lemond ki toutotou yo, epitou pou yo devlope lide sou rezon ki fè bagay yo te pase. Yo te fè anpil eksperyans pou teste lide sa yo. Nouvo fason a panse sa a te rele metòd syantifik. . . .



Sous: *Guide to the Essentials of World History*, Prentice Hall, 1999 (adapte)

3 Dapre ekstrè sa a ak dyagram ki nan *Gid pou Prensip Debaz Istwa Jeneral*, Ki **yon** fason Copernicus, Galileo, ak lòt moun te enfliyanse fason syantis yo te travay? [1]

Score

## Dokiman 4



4 Dapre enfòmasyon ki nan òganizatè grafik sa a, endike **de (2)** dwa espesifik John Locke te kwè tout imen yo genyen. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 5a

### Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen—1789

Te jwenn apwobasyon nan men Asanble Nasyonal Lafrans, 26 out 1789

**Atik:**

1. Tout moun ak viv nan lalibète epi yo gen menm dwa. Distenksyon sosyal yo kapab baze sèlman pou byennèt anjeneral.
2. Objektif tout asosyasyon politik se konsèvasyon dwa natirèl ak enpreskriptib [ki pa ka sede] moun. Dwa sa yo se libète, pwopriyete, sekirite, ak rezistans kont opresyon. . . .
4. Libète genyen ladan libète pou fè tout bagay ki pa nui oken lòt moun; kidonk egzèsis dwa natirèl chak moun pa gen limit, sof sa yo ki asire a lòt manm nan sosyete a pou yo jwi menm dwa yo. Se lalwa sèlman ki kapab detèmine limit sa yo. . . .

Sous: The Avalon Project at Yale Law School (adapte)

## Dokiman 5b

Asanble Jeneral Nasyonzini te adopte Deklarasyon Inivèsèl Nasyonzini sou Dwa Moun nan dat 10 desanm 1948.

### Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun

**Atik 1:** Tout moun fèt lib epi yo egalego nan dwa ak dinyite. Yo chaje ak rezonman ak konsyans, epitou yo ta dwe aji youn ak lòt nan lespri fratènite. . . .

**Atik 3:** Tout moun gen dwa pou lavi, libète ak sekirite pèsònèl. . . .

**Atik 7:** Tout moun egalego devan lalwa epitou yo gen dwa pou jwenn menm pwoteksyon devan lalwa san okenn diskriminasyon. Tout moun gen dwa pou jwenn menm pwoteksyon kont nenpòt diskriminasyon ki vyole Deklarasyon sa a, epitou kont nenpòt provokasyon pou diskriminasyon. . . .

Sous: United Nations

5 Endike **de(2)** lide ki komen a Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen, epi avèk Deklarasyon Inivèsèl Nasyonzini sou Dwa Moun. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score



## Dokiman 6

Jeneral Augusto Pinochet te jwenn arestasyon li nan vil Lond nan dat 16 oktòb 1998. Yo te akize li kòm moun ki te fè krim kont dwa moun antan ansyen chèf peyi Chili. Yo te remèt Jeneral Pinochet bay peyi Lespay pou jije li pou krim sa yo.

### **Ka Pinochet a—Se Yon egzant pou diktatè ak Viktim Sanblab yo**

. . . Nan ane 1996, avoka ki te reprezante viktim represyon militè nan peyi Ajantin ak Chili, epi ki pa t anmezi pou pouswiv reklamasyon yo lakay yo, te pote plent kriminèl nan peyi Lespay kont ansyen chèf militè peyi sa yo, epitou kont Jeneral Pinochet. Malgre pifò krim yo te fèt nan peyi Ajantin ak Chili, tribinal Lespay yo te aksepte ka sa yo kontinye nan Lespay, dapre prensip “jiridiksyon inivèsèl” sou krim kont dwa moun. Lejislasyon Lespay ak lalwa entènasyonal aplike prensip sa a sevèman, menmsi yo egzamine li raman. . . .

Human Rights Watch (siveyan dwa moun) te dekri arestasyon Pinochet kòm yon “bon egzant” pou diktatè ki toupatou yo, men yon efè egalman enpòtan ak ka sa a, se pou ta bay lòt viktim lespwa ke yo kapab mennen bouwo yo devan lajistis nan peyi etranje. Sètènman nan mwa Janvyè 2000, Human Rights Watch (siveyan dwa moun) te ede viktim tchadyen yo fè yon pouswit kriminèl nan peyi Senegal kont diktatè egzile Tchad, Hissein Habre, yo te akize, epi k ap tann pwosè li pou akizasyon maltretman viktim yo. . . .

Sous: “The Pinochet Precedent: How Victims Can Pursue Human Rights Criminals Abroad,”  
Human Rights Watch, March 2000 (adapte)

6 Dapre dokiman sa a, ki **yon** fason viktim yo kapab chèche jwenn jistis lè yo te vyole dwa delòm yo? [1]

Score

## Dokiman 7

### Manifès Pati Kominis, 1848

#### II. proletarien ak Kominis yo

. . .Objektif imedyat Kominis yo se menm ak objektif tout lòt pati proletarien yo: Fòmasyon proletariat an yon klas, kapote dominasyon boujwa yo, proletariat a te pran pouvwa a. . . .

Karakteristik ki distenge Kominis lan se pa abolisyon pwopriyete anjeneral, men abolisyon pwopriyete boujwa a. Men pwopriyete prive boujwa modèn nan se pwopriyete ki pi resan, epi li reprezante ekspresyon konplè sistèm pwodiksyon ak adaptasyon pwodui ki baze sou konfli klas, sou eksplwatasyon yon ti gwoup moun fè sou anpil moun. . . .

Sous: Marx and Engels, *Manifesto of the Communist Party*,  
International Publishers

7 Dapre Marx ak Engels, ki *de* (2) lide ki defini kominis Marxis? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 8

### Pwoklamasyon Nouvo Gouvènman Sosyalis, Novanm 1917

Kamarad, revolisyon travayè ak peyizan, konsènan nesosite Bolchevik yo te toujou ap pale a, reyalize.

Ki siyifikasyon revolisyon travayè ak peyizan? Siyifikasyon li se, toudabò, nou fèt pou genyen yon gouvènman sovyetik, pwòp pouvwa pa nou, kote boujwazi a p ap genyen anyen ladan. Mas pèp ki oprese yo ap kreye yon pouvwa pou pwòp tèt yo. Ansyen machin leta a ap kraze rive nan fondasyon li yo, epitou yon nouvo machin administrasyon ap òganize sou fòm òganizasyon sovyetik.

Apati kounye a, yon nouvo etap nan listwa Lawisi kòmanse, epi revolisyon sa a, twazyèm Revolisyon Ris, ta dwe mennen nan laviktwa sosyalis la alafen. . . .

Nan Lawisi, yon gwo seksyon peyizanri a te di yo t ap jwe lontan ase avèk kapitalis yo, epi kounye a y ap mache avèk travayè yo. Yon senp dekrè pou mete yon pwen final nan posesyon tè ap pèmèt nou jwenn konfyans peyizan yo. Peyizan yo ap rekonèt lesali peyizanri a depannde yon alyans avèk travayè yo sèlman. Nou dwe etabli bon kontwòl travayè yo sou pwodiksyon an. . . .

Kounye a nou dwe kòmanse bati yon eta proletariyen sosyalis nan Lawisi. . . .

Sous: V. I. Lenin, *Collected Works*, Volume 26, Progress Publishers

8 Dapre V. I. Lenin, ki **yon** objektif Revolisyon Bolchevik la? [1]

Score

## Dokiman 9

. . . Kominis Lachin yo, kontrèman ak kamarad yo nan Inyon Sovyetik, te makònen avèk peyizànri a, epitou se te nan zòn riral nouvo gouvènman an te premye eseye transfòmè sosyete a.

Nan dat 30 jen 1950, gouvènman an te adopte Lwa Refòm Agrè [agrikòl] a. Lwa sa a te la pou remèt tè yo ba moun ki t ap travay sou tè yo toutbon. Yo te gaye gwoup moun toupatou nan peyi a pou re-distribiye tè yo anfavè peyizan pòv yo ak peyizan klas mwayèn nan, epitou pou yo fòme asosyasyon oswa gwoup solidarite, zansèt antrepriz kolektif yo. . . .

Sous: Associated Press, "China: From the Long March to Tiananmen Square," Henry Holt and Company

- 9 Dapre ekstrè Associated Press (asosyasyon laprès) sa a, ki **yon** fason Kominis chinwa yo te eseye transfòmè sosyete yo? [1]

---

---

Score

## Pati B

### Essay

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti nan *omwen kat* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp, ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Atravè listwa, ide yo te fòme ak enfliyanse diferan sosyete ak rejyon yo. Ide sa yo gen ladan yo *elyosantris*, *dwa natirèl*, ak *Marxis*.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote w ap

Chwazi *de* lide ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Eksplike lide a
- Diskite sou fason lide a te enfliyanse sosyete yo oswa rejyon yo

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou a, asire ou

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat* dokiman
- Mete lòt enfòmasyon enpòtan ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp, ak detay
- Itilize yon plan byen òganize lojik epi ki klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan



The University of the State of New York

Part I

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK JEYOGRAFI  
JENERAL

Vandredi 28 janvy 2011 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Gason

Elèv ..... Sèks:  Fi

Pwofesè .....

Lekòl .....

Ekri repons ou pou Pati I sou fèy repons sa a, ekri repons ou pou Pati III A nan tiliv egzamen an, epi ekri repons ou pou Pati II ak Pati III B nan tiliv redaksyon apa a.

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

POU PWOFESE ITILIZE SÈLMAN

Part I Score \_\_\_\_\_

Part III A Score \_\_\_\_\_

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score \_\_\_\_\_

Part III B Essay Score \_\_\_\_\_

Total Essay Score

Final Score (obtained from conversion chart)

No. Right

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Siyati

Detache La a

Detache La a

